



An Sekirite Lakay

Prevansyon Pwazon pou Timoun yo

Depatman Sante Florid • [FloridaHealth.gov/COVID-19](https://www.floridahealth.gov/COVID-19)

Chak jou, yo trete Ozetazini plis pase 300 timoun nan yon sèvis dijans, epi de (2) timoun mouri kòm konsekans anpwazonman.



Atik toulejou pou kay ou, tankou pwodui netwayaj nan kay ak medikaman, kapab toksik pou timoun yo. Erè dòz medikaman ak lè yo vale yo san sipèvizyon, se fason ki kouran pou timoun yo anpwazonnen. Timoun ki aktif ak fouyapòt ap mennen ankèt souvan—epi pafwa yo eseye manje oswa bwè—nenpòt bagay yo ka jwenn.

Konsèy pou Evite Pwazon

Konnen nimewo a. Mete nimewo telefòn sant kontwòl pwazon pou tout peyi a, **1-800-222-1222**, sou chak telefòn ki nan kay ou oswa toupren, epi pwograme nimewo a nan telefòn selilè ou. Rele sant kontwòl pwazon si ou panse yon timoun te anpwazonnen, men li jeklè ak vijilan; ou ka kontakte yo 24 èdtan pa jou, sèt jou sou sèt.



Rele 911 si ou gen yon ijans pou pwazon epi timoun ou an tonbe oswa li p ap respire.

Remèd ak Medikaman

- **Fèmen yo a kle epi mete yo lwen.** Kenbe medikaman ak pwodui toksik, tankou solisyon netwayaj ak ti kapsil detèjan yo, nan anbalaj yo vini ladan an kote timoun yo pa ka wè ni jwenn yo.
- **Li etikèt la.** Swiv avèk anpil atansyon esplikasyon ki sou etikèt la epi li tout avètisman yo lè w ap bay timoun yo medikaman.
- **Toujou lòk bouchon sekirite ki sou boutèy medikaman yo.** Si li gen yon bouchon pou lòk li ki vire, vire bouchon an jiskaske ou tande son “klik” la oswa jiskaske ou pa ka vire l ankò.
- **Siveye itilizasyon medikaman yo** preskri timoun ak adolesan, tankou medikaman pou maladi mank konsantrasyon ak ipèaktivite, oswa ADHD (Attention Deficit Hyperactivity Disorder).
- **Lè yo lakay ou, raple envite ak vizitè yo** pou kenbe lwen ak retire anba je sakamen, valiz oswa manto ki gen medikaman nan yo.

▪ **Pa konsève li si ou pa bezwen li.** Elimine an sekirite tout medikaman preskripsyon ak medikaman yo vann san preskripsyon, vitamin, ak sipleman ki pa sèvi, ki pa nesèsè, oswa ki ekspire. Pou elimine medikaman yo, melanje yo avèk ma kafe oswa sab pou chat fè bezwen, epi jete yo. Ou kapab remèt yo tou nan yon pwogram lokal pou re pran medikaman oswa pandan Evènman Nasyonal pou Re pran Medikaman yo.

Pwodui Chimik pou Kay ak Monoksid Kabòn

- **Toujou li etikèt la** anvan ou itilize yon pwodui ki gendwa toksik.
- **Kenbe pwodui chimik yo nan boutèy oswa veso yo vini ladan an.** Pa itilize veso pou manje tankou kèp, boutèy, oswa bokal pou konsève pwodui chimik tankou solisyon netwayaj oswa pwodui bote.
- **Pa janm melanje pwodui pou kay yo.** Pa egzanp, si ou melanje klowòks ak amonyak, sa kapab lakòz gaz toksik.
- **Mete rad pwoteksyon** (gan, manch long, pantalon long, chosèt, soulye) si w ap flite pestisid oswa lòt pwodui chimik.
- **Limèn vantilatè a epi louvri fenèt yo** lè w ap itilize pwodui chimik tankou pwodui netwayaj nan kay yo.



Rele Èd pou Pwazon nan 1-800-222-1222